Ngwarira Kuti Usaita Godo!

Mirayiridzo: Ita basa iri uri panzvimbo isina zvinokukanganisa. Paunoverenga magwaro, fungidzira uripowo pazvaiitika. Ona zvaiitika mupfungwa dzako. Inzwa manzwi acho. Iva nemanzwiro evanhu vanonyanya kutaurwa. Ngazviite sokuti zviri kutoitika.
Vanonyanya kutaurwa: Miriyemu, Aroni, Mosesi
Nyaya yacho muchidimbu: Miriyemu naAroni vane godo saka vanonyunyutira munu'una wavo Mosesi.

1 FUNGA NEZVENYAYA YACHO.—VERENGA NUMERI 12:1-15.

Unofunga kuti vanhu vatatu ava vanhu vakaita sei?

Miriyemu: _____

Aroni: _____

Mosesi: _____

Unofunga kuti Miriyemu naAroni pavaitaura mashoko ari pavhesi 2 vaitaura sei?

_____

Fungidzira kuti "shongwe yegore" yaiva yakaita sei uye zvaiva zvakaita inzwi raJehovha paaitsiura Miriyemu naAroni. Rondedzera zvauri kuona nokunzwa mupfungwa dzako. (*Verengazve Numeri 12:5*-9.)

_____

Kubva pavhesi 11-13 Aroni naMosesi vari kutaura sei pavanokumbirira Miriyemu kuti anzwirwe nyasha?

_____

2 DZAMISA PFUNGWA.

Ndiani aiva muduku pakati paMiriyemu, Aroni naMosesi? Unofunga kuti izvi zvingava zvakaita kuti Miriyemu naAroni vataure sei nomunun'una wavo? (Verenga Eksodho 2: 1-4, 10; 7:7.)

_____

Nemhaka yei Miriyemu naAroni vakabvunza kuti: "[Jehovha] haana kutaura achitishandisawo here?" (Zvingangokubatsira: Verenga Eksodho 15:20, 21; 28:1-3.)

_____

Nemhaka yei Jehovha akagumbukira zvikuru Miriyemu naAroni? (Verenga Numeri 12: 7, 8.)

_____

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Chii chinokushamisa pamaitiro ayo Mosesi akaita paaishorwa?

3 ITA ZVAWADZIDZA.

Nyora zvawadzidza nezve . . .

Zvakaipira kuva negodo.

Zvaunofanira kuita kana ukashorwa.

4 ZVIBVUNZE KUTI:

Zvii zvingaita kuti ndiite godo?

Ndingagadzirisa sei zvakanakanaka dambudziko rokushorwa?

Chidzidzo chipi chinokosha chandawana kubva munyaya iyi, uye nei chichikosha?

Zvaungaita: Verenga nyaya iyi zvinonzwika neshamwari dzako kana kuti nevanhu vokumba kwenyu. Mumwe ngaaverenge pemurondedzeri. Vamwe vanogona kuverenga paMiriyemu, Aroni, Mosesi uye Jehovha.

Kopa uye pirinda peji iri pawww.jw.org

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania